

SS.7.C.1.4

Analize lide yo (dwa natirèl yo, wòl gouvènman an) ak plent ki tabli nan Deklarasyon Endepandans lan.

SS.7.C.1.4 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap idantifye dwa natirèl yo espesyalman ki eksprime nan Deklarasyon Endepandans lan (lavi, libète, ak pouswit bonè).

Deklarasyon Endepandans lan dekri espesifik **dwa natirèl** yo nan lavi a, libète ak pouswit bonè. Dwa sa yo **pèsonn paka retire** yo (gouvènman an paka wete yo).

Dwa natirèl lavi a vle di ke moun, epa gouvènman an, ki gen kontwòl sou lavi yo. Limit sou dwa sa-a egziste lè yon moun ap eseye denye lòt moun dwa yo.

Libète vle di ke moun gen dwa pou yo lib. Yap eksplike konplètman sa lib la vle di pita nan **Deklarasyon Dwa Moun** ak lide ki enkli libète lapawòl, libète laprès, libète asanble, libète pou egzèse relijyon, epi libète pou rele gouvènman an nan jijman. Limit libète egziste lè libète yon moun anpeche yon lòt moun gen libète l.

Finalman, "pouswit bonè" se nenpòt sa moun defini ki fè yo kontan. Moun gen dwa pou yo eseye reyalize objektif ki ap mennen a bonè pèsonèl yo. Yon fwa ankò, limit pouswit bonè egziste lè yo entèfere ak dwa natirèl yon lòt moun.

Deklarasyon Dwa - dis premye amannman ki nan Konstitisyon Etazini an

Deklarasyon Endepandans - yon dokiman kite ekri nan lane 1776 ki gen baz pou gouvènman demokratik ak plent kolon yo

dwa natirèl - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

dwa pèsonn paka retire- dwa debaz yo nan pèp la ke yo pa ka wete.